

## **Avi Davans ak Revizyon Piblik pou yon Aktivite**

### **Pwopoze nan yon Zòn Inondasyon ak oswa yon Marekaj ke Nòm Federal Jesyon**

#### **Risk Inondasyon yo te Dezisyen**

Pou: Tout Ajans, Gwoup ak Moun ki enterese

Se pou lanse avi ke Divizyon Lojman ak Developman Kominotè Komin Oranj lan anba 24 CFR Pati 58 te detèmine ke aksyon sa yo pwopoze anba Pwogram Reyabilitasyon Lojman Komin Oranj (nimewo sibvansyon B-21-UC-12-0003, B-22-UC-12-0003, B-23-UC-12-0003, ak B-24-UC-12-0003), Pwogram Developman Kominotè Sibvansyon Blòk - Rekiperasyon Dezas (CDBG-DR) Pwogram Rekiperasyon Komin Oranj pou Siklòn lan (nimewo sibvansyon B-23-UN-12-0003, ak Pwogram CDBG-DR pou Siklòn Milton (sibvansyon UU-125-0003) ka enkli pwopriyete ki sitiye nan zòn Jesyon Federal Risk Inondasyon (FMS) plènnnnnnn inondasyon ak/oswa marekaj, Divizyon pou Developman Kominotè ak Lojman nan Komin Oranj ap idantifye e evalye altèntif ki pratikab pou lokalize aksyon nan plènn inondasyon/marekaj lan ak enpak potansyèl ki fèt so plènn inondasyon an/marekaj lan nan aksyon ki pwopoze a, jan Dekrè Egzekitif 11988 la egzije sa, jan Dekrè Egzekitif 13690 la amande I la ak/oswa Dekrè Egzekitif 119904, an akò ak règleman HUD nan 24 CFR 55.20 nan Sous-parti C Pwosedi pou pran Detèminasyon sou Jesyon Plènn Inondasyon ak Pwoteksyon marekaj yo. Pwojè yo pwopoze a(yo) pral lokalize nan Komin Oranj, Florid. Yo te itilize yon apwòch inondasyon 0.2 poustan pou detèmine limit plènn inondasyon FFRMS la.

Komin Oranj ap fè yon revizyon anviwònmantal Nivo I sou aktivite pwojè reyabilitasyon/rekonstriksyon kay inifamilyal pwopoze yo. Aktivite pwojè yo enkli reyabilitasyon, rekonstriksyon, ranplasman, ak elevasyon kay inifamilyal ke pwopriyetè a okipe. Pwojè pwopoze a(yo) pral lokalize nan plizyè kote nan tout Komin Oranj, ak andwa egzak pwojè espesifik sou plas yo ap detèmine nan yon lòt dat. Aktivite pwojè espesifik sou olas la pral fèt sou pwopriyete rezidansyèl ki te déjà devlope epi pa gen aktivite pwojè ki pral lakòz nouvo konstriksyon nan yon marekaj. Kay ki sitiye nan plènn inondasyon 1-pousan-chans-anyèl (100 ane) oswa plènn inondasyon 0.2-pousan-chans-anyèl (500 ane), ki resevwa asistans pou rekonstriksyon, reparasyon domaj sibstansyèl, oswa amelyorasyon sibstansyèl, pral elve avèk premye etaj la, enkli sousòl la, omwen de (2) pye pi wo pase Elevasyon Inondasyon Baz ki pi aplikab la. Tout kay yo asiste nan pwogram nan plènn inondasyon 100-ane a pral oblige pou yo genyen asirans plènn inondasyon a pèpetwite. Lè ranplasman yon inite kay mobil (MHU) pa posib nan menm kote ak estrikti orijinal la, yo pral ranplase MHU a nan yon lòt kote. Lòt kote a dwe yon pwopriyete rezidansyèl/pasèl ki te déjà devlope, an zòn pou pèmèt enstalasyon yon MHU epi gen aksè pare pou tou egou, dlo, ak koneksyon elektrik. Anplis de sa, lòt tèren an pa ka lokalize nan plènn inondasyon 100-ane oswa 500-ane.

Dapre Sant Sèvis Kat jeyografik Inondasyon FEMA a, gen apeprè 210,769 kawo tè nan plènn inondasyon 100-ane a ak 10,038 kawo tè nan plènn inondasyon 500-ane a, nan Komin Oranj. Sepandan, pa gen okenn zòn ki gen gwo danje kotyè (Zòn V), oswa Limit Aksyon Vag Modere (LIMWA) nan Komin Ian. Anplis de sa, Komin Oranj gen apeprè 250,511 kawo tè ki deziyen kòm marekaj nan Envantè Nasyonal pou marekaj nan Sèvis Pwason ak Zannino Etazini. Plènn inondasyon ak marekaj yo benefise zannimo, sa ki

kreye yon varyete abita pou pwason ak lòt bêt. Anplis de sa, plènn inondasyon yo enpòtan pou estoke ak transmèt dlo tanpèt, pwoteksyon kalite dlo, ak rechaje dlo anba tè

Gen twa objektif prensipal pou avi sa a. Premyèman, moun ke aktivite nan plènn inondasyon/marekaj ak moun ki enterese nan pwoteksyon anviwònman natirèl yo ta dwe jwenn opòtinite pou eksprime enkyetid yo epi bay enfòmasyon sou zòn sa yo. Nou ankouraje kòmantatè yo pou yo ofri sit altènatif andeyò plan inondasyon an/marekaj la, metòd altènatif pou sèvi menm objektif pwojè a, ak metòd pou minimize ak bese enpak pwojè a sou plan inondasyon an/marekaj la. Dezyèmman, yon pwogram avi piblik adekwa kapab yon zouti edikasyon piblik enpòtan. Difisyon enfòmasyon ak demann pou kòmantè piblik sou plènn inondasyon/marekaj ka fasilite ak amelyore efò Federal pou diminye risk ak enpak ki asosye ak okipasyon ak modifikasyon zòn espesyal sa yo. Twazyèmman, an tout jistès, lè gouvènman federal la detèmine li pral patisce nan aksyon ki pran plas nan yon plènn inondasyon/marekaj, li dwe enfòme moun sa ka mete nan pi gwo risk oswa risk kontinye a.

Divizyon Lojman ak Developman Kominotè Komin Oranj dwe resevwa kòmantè alekri nan adrès sa a ozanviwon 11 Mas 2025: Orange County Housing and Community Development Division, 525 E. South St, Orlando, FL 32801 and (407) 836-5150, Attention: Byron Brooks, County Administrator. Yon deskripsyon konplè sou pwojè a kapab revize tou soti 8:00 am rive 5:00 pm nan menm adrès ki anwo a ak [www.ocfl.net/CDBG-DR](http://www.ocfl.net/CDBG-DR). Kòmantè yo ka soumèt tou atravè imèl nan [Inalbert.ramos@ocfl.net](mailto:Inalbert.ramos@ocfl.net).

Dat Pòs la: 24 Fevriye 2025 – 11 Mas 2025